Public Disclosure Authorized
Public Disclosure Authorized
Public Disclosure Authorized
Public Disclosure Authorized

Aw Xët wu aju ci Doxalinu Polotigu Bànku Àddina bi

# BAAT CA KAW TE LEER:

## Polotig yu am njari yu aju ci Làkku Jàngalekaay Ngir am Njàng

WORLD BANK GROUP

## NJUKËL YI

*Xët wii ligéeyub kuréel gu Michael Crawfor ak Sergio Venegas Marin jiite la ci ndimbalug Jaime Saavedra ak Omar Arias, làmbaale na itam ñeneen ñu mel ni Penelope Bender, Barbara Trudell, Dhir Jhingran, Huma Kidwai, Elaine Ding, Laura Gregory, Lisha Almeida, Amberine Huda, Aishwarya Khurana, ak Tihtina Zenebe Gebre. John Steinhardt moo taalif xët wi. Ñu mel ni Reema Nayar, Jason Allen Weaver, Adelle Pushparatnam, Samer Al-Samarrai, Lianqin Wang, Tara Beteille, Toby Linden, Harry Patrinos, Hanna Katriina Alasuutari, Juan Manuel Moreno, Marguerite Clarke, Melissa Adelman, ak ñeneen ñu bokk ci Education Global Practice, Kureelu Doxal ci Àddina bi yépp am Njàng, ñu bokoon ci waxtaan yi aju ci xët wi. Ki nataal te jëmal kayit gi mooy Nicole Hamam, ak ay tegtal ak i nataal yu bàyyeekoo ci Margaret Flatley.*

# Tënk gi

**YOOKUTEG LIMU LIGGÉEYKAT MI NGI AJU, CI LU ËPP, CI LÀKK WI NUY JËFANDIKOO.** Loolu mooy ndëgërlaayu koom-koom ci jamonoy tey jii te it, moo ngi soqeekoo ci njàngale mi. Polotig yiy yokk lim ak xarañteefu liggéeykat yi am nañu ay njeexintal yu baax te tàkku. Ngir yokk ko, réew yi dañoo war di dooleel njàng mi ci lekool yi, bu ko defee ñu yokk limu At yi seeni askan di Tënku cim Njàng (ATN). Bànkub Àddina bi dafa amaloon ab Naal ci Yokk Limub Ligéeykat yi ak seeni tegtal ngir teg ay polotig yuy ñaax réew yi ñuy dimbali séeni askan, te askan wi itam di dimbali séen bopp. Polotig yuy dooleel yookuteg limu ligéeykat yi – ni ki ay polotig yu baax yu aju ci tànn làkku jàngalekaay – mooy li Bànkub Àddina bi war a kañ te looloo war a nekk solos waxtaan yi aju réew yi di amal ci dimbali seen I askan ñu jëfe seen kemtulaayi mën-mën.

**LI GËN A DOY WAAR MOOY NJÀRIÑ LU NÉEW LI TUKKE CI NJÀNG MI DAFA MEL LU JOGE CI POLITIG I TÀNN LÀKKU JÀNGALEKAAY WU DOXUT.** Limu At yi nuy Tënku cim Njàng (ATN), di pàcc ci liy jëmmal Limu Ligéeykat yi ak natt yi ci ñàkk njàng mu doy feeñal nañ ci lu yéeme suufeg njàg mi. Ci yenn réew yi, xale yi jàng ñetti at ci njàng mu suufe mi mënuñu ràññee benn baat bu nu bind te duñu xam sax lu dul wenn araf kepp. Ku bàyyiwul xel ci mbiri làkku jàngalekaay wi mën nga juum ba jàpp ni jàngalekat yi amuñu xam-xam walla xarañuñu ci jàngale, walla ndongo yi waajaluñuleen bu baax cim njàng. Li wàllsi loolu mooy danoo sant jàngalekat yi ñu jàngalee ci làkk wu ndongo yi mënul a wax walla dég. Poñ yu néew yi ci ceytu gi yenn saa yi day wone daanaka  ñàkk a dégg làkk wi ñuy jàngalee te/walla di ko nàtte;  loolu wonewul benn yoon ñàkk a mën ci anam i jàng ya war.

**TÀNNIINU LÀKKU JÀNGALEKAAY YU WAR DINA YOMBAL AM NJÀNG AK LENEEN.** Bu xale yi tàmbalee jàng ci làkk wu ñuy a wax te dég ko bu baax, séenum njàng dafay gaaw dafay gaaw, ci lañuy gën a mën a jàng yeneen làkk, ci lañuy gën a sawar di toog ci lekool bi, te it am mbégte ci lekool bu mengook séen caada ak séen cosaan. Kuréel ceeytu ci fànn yu bari yu am solo, gi nu tudd ci xëtt wii, firnde la ci wax jii. Tannin ci làkku jàngalekaay wa war dina amal ag yemale ci biir lekool yi ak ci wutum ligéey, dina gën a yéwenal itam li jàng di laaj ci am-am, te yokk dugusi gi. Tànniinu wu baax ciw làkku jàngalekaay dafa war a nekk cëslaay ci pexey yokk limu ligéeykat yi cim réew, te bu ko defee nak mu nekk lu soxal ñiy rëdd doxaliin yi cim réew ak ñi leen di jàppale ci fànnu yookute gi.

**TÀNNIINU LÀKKU JÀNGALEKAAY WU BAAX NEKKUL LI GËN A BARI, LI GËN A DOX.** Lu weesu seen njariñ yu bari, li ëpp ci réew yi duñu doxal tànninu làkkuw Jàndalekaay wu yell. Xanaa kay dañuy sàkku ci séen i xale ñuy jàng ci làkk wu ñu xamul bu baax – te lu ci ëpp nak, ay làkk yu ñu xamul dara ba dara booloo jeex lay doon.  Xale yi ndogal yu mel nii dal ci séen kow ñooy ñi ñàkk pexe, mel ne ñi ki séen loxo jotul séen ginaaw, walla ñu sori biir dëkku taax yi, loolu tamit bokk na ci liy galànkoor njàng mi ci lekool yi. Sàkku ci jàngalekat yi ñuy jàngale ci làkk wuñ dul wax ñoom ak ndongo yi lu yaatu la, naam sax firndeel nañu ni téemeer boo jél juroom-ñeenti fukk ya walla sax lu ko ëpp mën nañoo làjj ngir am xarañte gu laltaay xam-xam yu mel ni liifàntu ak wàññi ci lekool yi doxal polotig yooyu.

**TÀNNIINU LÀKKU NJÀNGALEKAAY WU YELLUL DINAY NASAXAL NJÀNG, JOTALE, YEMALE, NJARTE AK YAATAL.** Kuréel gu ràññeeku ci wàllum gëstu wone nañu ni xale yi ñoo ngi gën a jànge ci

làkk wi ñu jjëkk a wax wàllsi weneen làkk. Bu ñu leen di jàngal ci làkk wi nu njëkk a wax di na yombal ci ñoom ñu mokkal weneen làkk te itam di na yéwenal ci ñoom ñu jariñoo xam-xam yi tukkee ci lekool bi. Mel nani tamit ci la ñuy gën a bëgg a des ci lekool bi. Mel nani xale yi joge ci kër yi gën a ndool manaam ñeent fukk ci téemeer boo jël ñooy faral di dékku njàng mu lalu ci làkk wu ñu déggul, teg ci it seen i njaboot amuñu jumtukaay yu léen di dimbali ngir ñuy jànkonteek jafe-jafe yiy tukkee ci tànniinu làkku jàngalekaay yu yellul ci lekool yi ñu nekk. Réew yiy tànn làkk wu wuuteeg wa jàngalekat ya ak ndongo ya dégg dinañu jànkooteg yaakaar gu tas ci alal ji nuy def ci séenum njàng. Polotig yu mel nii bokk na ci liy waral xale yu bari di bàyyi lekool walla nuy defaat kalaas yi ñu defoon, walla sax njàng mu néew ci li ëpp. Naka noonu, su fekkoon ni réew yi fexe woon nañu bay doxal polotig yu yell ci tànniinu làkku jàngalekaay dinañu wàññi njëgum jéego bu ndongo yi def ak pàccub sa bu ñu mokkal. Loolu tamit dina waral njàng mi màndaaxe te it di na êmb ndongo ci fànn yu bari, waaye itam li ci ëpp solo mooy gëdda ak solo si aw làkk di am su ko nguur gi jëfandikoo ni ab jumtukaay ci njàngale.

**TÀNNIINU LÀKKU JÀNGALEKAAY WU YELLUL DINAY AM AY JEEXINTAL CI FANWEER AK JUROOM-ÑAAR CI TÉEMEER BOO JËL CI NDONGO YI NEKK CI RÉEW YU NDOOL YI AK YU DIG DOOMU YI.** Ci atum 2016 UNESCO xayma na ni ci àddina bi fukki ndongo yoo jël ñeent yi ñoo ngi jànge ci làkk wu ñu déggul. Ay firnde yu tukkee ci njàngat yi nu def ngir bind xët wii dëggal na lim bi ci lu leer, waaye tamit wone nani mbir mi jéggi na dayo: téemeeri ndongo yoo jël fanweer ak juróom-ñaar ya ci réew yu ndool yeek yu dig doomu yi nekkuñu di jànge ci lakku wu ñu dégg walla ñu koy wax bu baax. Ci yenn réew yi téemeeri ndongo yoo jël juroom-ñent fukk ya jàngewuñu ci làkk wu ñuy wax walla wuñu dégg. Lu ëpp benn Xaaj ci ñenti xaaj yoo jël benn milliard ci ndongo mbir mi dal na leen. Ci xabaar yu nu jële ci keru Ethnologue, fukk ak ñaar ci ñaar fukki réew yi gën a néew am njang dañuy jëfandikoo làkki njàngalekaay yoo xam ne lu néew ci seen i ndongo ñoo léen dégg bi ñuy dug lekool. Juroom fukk i xale ci téemeer boo jële ci réew yu ndool yi ak yu dig-dóomu yi yu mënut a njàng mu ànd ak dégg, ci ndongo yu war a tollu ci fukki at, ña ca ëpp ci ñoom jàngewuñu ci làkk wi ñjëkk ci ñoom.



**YOKKUTE GU RÉY MËN NA AM SU NU YEMEE CI JÀNGALEE LIM BU NÉEW CI YENEEN I LÀKK.** Yaakaar ji nekk ci jàngale ci juróom-ñaari juniy làkk yi nekk ci àddina lu ëlëm am xel la, waaye yëg-yëg boobu dafa juunu. Waxtaan yi ci aju politig yi dañuy koy faral di ci xalaat buy jàpp ne njàngale mu boole làkk weneen ak wi nga nàmp day seer te laaj alal ju bari. Ndax, njàngale mu lalu ci làkk wi nga nàmp lu am njariñ la te yomb yombaay gu wees ulu xel xalaat. Li ëpp ci ndongo yiy jàng ci weneen làkk wudul wi ñu nàmp jariñu gu yemamaay la ñuy am ci lawug limu làkk yi ñuy jëfàndikoo ci njàng mi. Ñetti xaaj yoo jël ci ñent (75 ci téemeer) ci jafe-jafe boobu manoon nañuoo woyofal su ñu doon jàngale ci yeneen ñaari téemeeri làkk ak ñaar fukk ci àdina warngal këpp- mengoog wenn làkk ci réew mu nekk. Ngir àgg ci juróom-ñett fukk ci téemeer bu nekk ci làkk yi yaatuwul lool kon dinañu jàngale ci juróomi téemeeri làkk ak juróom-fukk ak juróom-ñent, gën gaa néew ñetti làkk ci réew mu nekk. Ci ñaari anam yii yépp làkk yi nuy war a yokku taalif nañu léen ba nopi. Maanaam, am nañu tërëlin ci baat yeek kàddu yi, te itam gën gaa néew milyoŋ ak genn wall ci ay nit ñoo ngi léen di jëfàndikoo. Ci lu jege juróom benni junni ak ñaari téeméer yi des ci làkki àddina bi tey, lu yées fukki ci téemeeri nit yoo jël ñoo leen di wax. Bu nu tàkkoo taxaw, góorgoorlu bu baax, dinanu saafara juroomi pàcc ci juroom-benni jafe-jafe yi; bu ko defee saafara benn pàcc bi des dina laaj nak jot ak jumtukaay yu doy sëkk.

**YENEEN I MBIRI POLOTIG AK KOOM-KOOM YU GËN A YAATU DAÑUY AM AY JEEXINTAL CI TÀNNIINU LÀKKI JÀNGUKAAY YI.** Ku gis firnde loolu, ana lan moo waral réew yu bari nekk di tànn làkki jàngukaay yoo xamni jeexintal yu bonn ci njàng mi akug beddi doomu aadama rekk lay jur? Xanaa umpule njariñ li nekk ci jàngal xale yi ci làkk wu ñu dégg bu baax te di ko làkk mën na nekk li ko waral. Am na yeneen mbir yu ko waral yoo xam ne nak jafe nañu lijànti. Tànniinu làkku jàngukaay day faral di aju ci gis-gis ci walu polotig yu weesu njàng ak njàngale. Làkk dafa taqoo bu baax ak niñuy askanale nit ki ci réew ak polotig bi. Yenn saa yi, tabaxum réew dafay aju ci tànn làkku wenn askan wallsi ya ca des. Mën aw làkk dafa am solo ci wutum ligéey. Waaye waajur yi dañu yaakaar ni am xam-xam ci làkku tubaab yi ak daj àddina bi ñoo ëpp solo ngir séeni doom tekki. Njeexintal yi –jëmu yi- mel ni xarañ ci làkk wu daj àddina bi, mën na firndeel li waral nasax gi bu fekkee ni njangale mi yépp dafa sukkandiku ci làkk weneen woowu, ci lu jëlalewul sax tolluwaayu jàngalekat yeek ndongo yi ci jëfandikoo leen. Dafay am solo nu bàyyi xel ci liy daw ci ëttub polotig bi ngir doxaliin wu baax ci tànn làkki jàngukaay yu mucc ayib.

**SAAFARA YU AJU CI POLOTIG YI AM NA FI, WAAYE DAÑU LÉEN A DOXALUL.** Lay yu bari ngir polotigu tànniinu làkku jàngukaay wu mucc ayib moo ngi fiy am ci ay at yu bari, waaye daanaka soxalul njiit yi ak seeni xarit ci wallum yokkute. Noo ngi rafetlu jublu gi am ci wàllum gëstu gu gën a baax ci yenn gox yi. Xalaat yu jub tukkee nañu ci ràññee ak xam-xam bu yàgg jëm ci mbir mi ak yeneen i mbir at yi ko wër. Yooyu xalaat yu am solo ñoo ngi fi ngir xalaat yi réew yi di def waaye itam ngir tërëliin yi aju ci jëfàndikoog làkk ci njàng meek njàngale mi. Ay tegtal ak i misaal yu aju ci njàngale ci làkk wu njëkk ak nimu war a doxe feeñ nañu. Ay doxalin ngir móol jumtukaayi jàng ak jàngale, ni ki ay pexe ngir defar ay téere jàngukaay ak yu nettali ngir xale yi, ñu leen di jëfàndikoo ci lu ñu dul fey dara am nañu fi leegi. Gis nanu ni tam tànniinu doxalin yu aju ci mbir yu bari yu am ay njeexintal ci jàngalekat yi, njàngale mi, ak tàggat gi ñu ngi yokku bu baax. Xam-xam aki xalaat ci làkku nattukaay itam ñu ngi gën a bari. Firnde yu leer te mucc ayibug ci "yeex a génn" (xoolal ci suuf), ak yeneen tër cim njàng ak pexey njàngaliin itam ñu ngi fi. Waaye nak yokkute gi yeex na lool te itam ay gàllànkoor am nañu ci xam wala jëfándikoo jumtukaay yi fi nekk.

**XËT WII DAFAY LEERAL DOXALIN WU YEES WI BÀNKU ÀDDINA BI JËL CI LÀKKI JÀNGALEKAAY, DI PÀCC CI DOXAL NAR WU AJU POLOTIGUM NJÀNG NGIR DOOLEEL BÀNK BI CI JUBLUWAAYAM BU BEES BI CI MBIRUM NJÀNG.** Doxalin wu bees wii dafa ñëw ngir gunge jëm kanamug polotig yeek ndogal yi ci tànniinu làkku jàngalekaay, ndax jafe-jafe yi aju ci làkku jàngalekaay danu leen saytu ci liy dox ci réew mu ne. Ci doxalin wu yees woowu, Bànk bi dafa jàpp ni ngir suqali njàng mi ci réew yu ndool yeek yu dig dóomu yi dafay am solo ñu topp doxalin yii:

- ***Doxalin bu jëkk bi:*** Jàngal xale yi ci làkk wi njëkk ci ñoom dale ci yar ak toppootoo bu teel cig tuut tànk te topp ko nak ci biir juróom-benni at yi jiitu ci njàngale mu suufe mi. Dafa am solo nu amal njàngale mi jaare ko ci làkk wi lu ëpp ci ndongo yi gën a mën a wax te gën koo dégg.

**Ñoŋal làkku jàngalekaay ak njàng mi jaare ko ci 5 doxaliin yu am solo. Firnde yi feeñ ci xët wii dafay tegg baaraam ci lu wér ci juroomi doxaliin yu am solo yii am taxawaayu pexe mu bees ngir dooleel njàng mi ci réew yu ndóol yeek yu diggu-dóomu yi:**

| DOXALIIN WI JËKK | ÑAAAREELU DOXALIIN WI | ÑETTEEL DOXALIN WI | ÑENTEEL DOXALIN WI | JURÓOMEELU DOXALIN WI |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| **Jàngal xale yi ci seen L1 ci daaray tuut-tank yi jàpp gën gaa néew 6 at yi jëkk ci daara ju suufe ji.** Jaarale njàng mi ci làkk wi ndongo yi gën a xam dafa am solo lool. | **Jëfandikoo L1 wi ndongo yi xam ci njàngalem fànni xam-xam yi lu weesu jàng/taalif.** Ndongo yi dañoo ittewoon xarañ ci jàng ak bind ci fànni xam-xam yu bari ci biir daara yi. | **Dugal L2 te bàyyi xel bu baax ci ndongo yi mën koo wax.** Bu njàngale mi awe ci yoon, ndongo yi mën nañu xarañ ci ñaari làkk ci njàng mu suufe mi. | **Wéyal di jàngale làkku ndongo bi ganaaw bu L2 nekkee làkku jàngalekaay wi ëpp solo.** Njàngalem L1 wi dafay wéy di ñoŋal xam-xam bi aju ci L2 wi ci anam yu am solo doonte moo nekk làkku jàngalekaay wi. | **Wéyal di naal, di defar, di joyyànti tey ñoŋal doxalinu làkku jàngalekaay, te mu ànd ak tolluwaayu réew mi, aki bëgg-bëggam.** |

- ***ñaareelu doxalin wi:*** Jëfàndikoo làkku ndongo yi ci njàngalem xam-xam yi tukkee ci lekkol bi bañ a yem ci liifantu ak taalif rekk. Ndongo yi dañu war a mën a jàng ak taalif ci fànni xam-xam yu bari ak ci fànn njàng yépp .
- ***ñetteel doxalin wi:*** Dugal ñaareelu làkk te gën a bàyyi xel ci mën-mën ci wax. Xuus ba sori ci njàng-um mbind ak maanay xam-xam yi ci ñaareelu làkk wi fekk nak ndongo yi noppi nañu am xarañte ci bind ak jàang seen làkk wu jëkk ak ci wax bu baax ñaareelu làkk wi. Ndongo yi mën nañu xarañan-doo ci ñaari làkk ci biir njàng mu suufe mi bu njàngale mi awe ci yoon.
- ***ñenteel doxalin wi:*** Wéyal jàngalem làkku wu jëkk wi donte sax ñaareelu làkk wi mooy làkk wi nuy gën di jàngale. Njàngalem làkk wu jëkk wi nay wéy di dooleel mën-mën gi ci ñaareelu làkk wi ci anam yu am solo doonte mooy leegi làkku jàngalekaay wi.
- ***Juróomeelu doxalin wi:*** Wéyal di naal, di defar, di joyyànti ak di ñoŋal doxalinu polotigu yi aju ci làkki jàngalekaay yi te mu ànd ak tolluwaayu ak jëmi réew ma. Bànku Àddina bi dafa war a ligéey bu baax ak réew yi muy jëflanteel ak ñi leen di jàppale ci wàllum yokkute ngir defar ak weccoo ay jumtukaay waaye itam di layal ngir wone njëriñu njàng mu ñoŋ lool te yemale ñoŋ ñépp miy tukkee ci tànniin wu yell ci aw làkku jàngalekaay.

**NGIR WÉYAL BU BAAX WIIW DOXALIN, BÀNKU ÀDDINA BI TËRAL NA ÑETTI YOON LIGGÉEY NGIR WÓORLU NI DOXALIN YOOYU DUGG NAÑU BU BAAX CI JÉEGO YI MUY AMAL.** Yoon wi jiitu dafay sukkàndiiku ci jàngat ak càmbar toluwaayu làkku jàngalekaay yi ci réew mu sàkku ndibalam ak polotig ya nu fa tànn. Ñaareelu yoon wi dafay jëm ci di sawar bu baax ci mbiri làkki jàngalekaay yi tey sooke ay waxtaan aki naal yu xóot ngir jàppale réew yi ñu jàmmaarloog wàll yi leen ëppal solo. Ci lu aju ci ñetteelu yoon wi Kureelu Doxalin wu daj Àddina cim Njàngale (Education Global Practice) wu Bànku Àddina dina war a liggéey ak yeneen àndandoo ngir woote jëme ci ag bàyyi xel gu yell ci mbiri làkki jàngalekaay yi ak ci defar, dajale, ak tasaare cëggum xam-xam yu yees pull yi ak saafara yi ci polotig ak di dooleel saafara yu sax dàkk ci lu aju ci làkk yi ci biir njàngale mi.

**LI TAX A JOG XËT WI, ÑI KO TAX A JOG, DAYOOM, AND TËRINAM.** Li ko tax a jog mooy woorlu ni Kureelu Doxalin wu daj Àddina cim Njàngale wu Bànku Àddina mën na dimbale kiliyaan yi ñu wàññi walla teggi jafe-jafe yu tar yi tannin wu yellul ciw làkku jàngalekaay di jur cim njàng ak njàngalin. Noo tànn gàttal xët wi ndax du gëstu bu matale. Jéem nanu joxe ay tegtal yu doy ngir leeral jafe-jafe yi ci jàppandalug polotig yi fiy dox, waaye jéemunu jeexal waxtaan wi wépp. Xët wi dafa segg waayejéemul a càmbar géppug fànn ci lu aju ci njàngale. Wonewul njariñu làkku jàngalekaay ci njàngalem mu kawe mi, ci njàngalemu xarala ak ci tàggatu ak njàngum ligéey yi, njàngum mag ñi, walla njàngu mu nu wéyal ci giirug dund. Xët wi dafay santaane nu tënku ci doxalin wu yees wi tukkee ci kilifay Bànkub Àddina bi. Toppu digale yi nak dafay laaj taxaw temm ci ay jëff yuy dimbale réew yi doon ay kiliyaanu Mboolo Bànku Àddina bi, mu ëmbaale njàngat yu xóot, yokkute ak tasaare jëfndikokaay yi ñépp bokk te mu daj àddina, xam-xam ak mën-mënu niiti njàngale mi ak waxtaan wu am njariñ, rawati na ci njàng mu suufe mi. Ñiy jàng xët wi war nañu bàyyi xel ni:

- ***Amagunu tontu ci lépp.*** Lu nuy gën a dox jëm ci kanam, dananu war a jublu ci seet yenn ci fànni xam-xam yu am solo yu leeragut nu leeral leen . Ci misaal dinanu soxla gën a dégg te yembal ay digtal yuy ñoŋal ñaaareelu doxalin yi, mel ne yiy ëmb jëfàndikoo soobu ci jàngalee ñaareelu làkk wi rekk . Ba tey itam, danuy soxla tekki jeexintal yi tukkee ci boole jàngalekat bu néew xam-xam ci làkk wi muy jàngalee ak ndongo bu mën làkk wi néew. jeexintal yi tukkee ci waxtu yi nu def cib ligéey, mucc ayib gi ci jumtukaayu jàngalekaay jàngukaay yi, ndimbalug jàngalekat yi et yeneeni mbir doon nañu ay sumb yuy ñëw ci kanam te nu war cee teel a bàyyi xel bu nu bëggee gën a dëgëral digle yi tukkee ci polotig yi nuy doxal.
- ***Jiite dafa laaj pasteefu gu sax dàkk.*** Mën nanoo lijànti jafe-jafe yi aju ci làkku jàngukaay yi, waaye kenn mënuleen a saafara lépp. Goorggoorlu yi ci doxalin politigi réew yi dafa war a doon pàcc bu sax ci polotigu njàng ak njàngale. Taxawaay bu sax jogee ci way dimbalekat yi ci yokkute, akit Bànk bi di joxe misaal mu baax, war naa doon lu bokk ci ñase yi ngir suqali njàng.

Xaaj bu jëkk bi dafay wone li tax nu war a bàyyi xel ci jafe-jafe yi nekk ci tànniinu làkku jàngalekaay ak coono yi mu ëmb yépp. Ñenti pàcc yi mu ëmb nii la nu leen turale: (i) Ana lu tax nu war a cee bàyyi xel? (ii) Naka la dayob jafe-jafe bi tollu? (iii) cérub doxaliin cim koom-koom; ak (iv) wuute gi am ci li jur ak béréb yi nu tànnee làkku jàngalekaay yi. Ñaareelu pàcc bi dafay wone saafara yi fi feeñ a gum (ci juróomeelu xaaj bi) teg ci di joxe ay leeral ci bëgg-bëggug Bànk bi ngir Doxal Njàng ci Àddina (juróom-benneelu xaajaat bi). Nanu xam ni xëtt wi jógul ngir indi ay saafara yu dogu ci jafe-jafe yu tàkku yi aju ci mbir mi. Bu nu defaraatee taxawaay bi te jagleel jafe-jafe bi jumtukaay yu doy sëkk, dinanu mën a doxal saafara yi fi nekk teg ci fent ay saafara yu yees. Dina bokku ci loolu, yokku ndimbalante gi, seddoo xam-xam bi ak natt doxalin yu yees yi. Doxalin wu bees wii dana ëmb njàng mu ñeel kenn nit ak muy ame ci bërëbu jàngukaay bi, mu àndak dogu gu tar gu tembook jàmpaayu mbir mi.